# Qaraqalpaqstan Respublikasında sanaat islep shıǵarıwı

*2025-jıl yanvar-oktyabr ayları ushın*

*I.* Qaraqalpaqstan Respublikasında hárekettegi hám jańadan ashılǵan sanaat kárxanaları sanı
*II.* Qaraqalpaqstan Respublikası sanaatınıń tiykarǵı kórsetkishleri, aymaqlar kesiminde
*III.* Iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw
*IV.* Kishi biznes isbilermenlik subyektleri tárepinen sanaat ónimleri islep shıǵarıw kólemi
*V.* Sanaat óndirisi boyınsha statistikalıq túsindirmeler hám metamaǵlıwmatlar

## I. Qaraqalpaqstan Respublikasında hárekettegi hám jańa ashılgan sanaat kárxanalar sanı

2025- jıldıń 1 noyabr jaǵdayına bola Qaraqalpaqstan Respublikasında 2 708 sanaat kárxanaları hárekette bolıp, bul sanaat kárxanaları sanı tiykarǵı ekonomikalıq iskerlik túrleri kesiminde bólistirilgende joqarı úles 825 si (hárekettegi kárxanalardıń ulıwma sanınıń 30,5 %) azıq-awqat ónimleri óndirisine, 296 sı (10,9 %) basqa metal emes mineral ónimler óndirisine, 240 ı (8,9 %) kiyim óndirisine, 244 i (9,0 %) mashina hám úskenelerden tısqarı tayın metall buyımlar óndirisine hám 184 i (6,8 %) mebel óndirisine tuwrı keledi.

Kárxanalar sanı
*1 noyabr jaǵdayına*



## II. Qaraqalpaqstan Respublikası sanaatınıń tiykarǵı kórsetkishleri qala hám rayonlar kesiminde

Dáslepki maǵlıwmatlar boyınsha 2025-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında Qaraqalpaqstan Respublikası kárxanaları tárepinen 22 535,6 mlrd somlıq sanaat ónimleri islep shıǵarılǵan bolıp, 2024-jıldıń yanvar-oktyabr aylarına salıstırǵanda sanaat óndirisiniń fizikalıq kólemi indeksi 102,7 % ti quradı.

| | Kólemi, mlrd som | Fizikalıq kólem indeksi, % te |
|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **22 535,6** | **102,7** |
| Nókis qalası | 6 047,4 | 96,9 |
| Ámiwdárya rayonı | 1 945,5 | 117,5 |
| Beruniy rayonı | 809,2 | 108,9 |
| Bozataw rayonı | 61,6 | 108,5 |
| Qaraózek rayonı | 834,1 | 108,7 |
| Kegeyli rayonı | 350,9 | 110,6 |
| Qońırat rayonı | 1 359,5 | 107,7 |
| Qanlıkól rayonı | 463,7 | 105,9 |
| Moynaq rayonı | 542,3 | 117,5 |
| Nókis rayonı | 373,6 | 109,7 |
| Taqıyatas rayonı | 3 002,2 | 103,6 |
| Taxtakópir rayonı | 313,9 | 107,3 |
| Tórtkúl rayonı | 737,2 | 101,2 |
| Xójeli rayonı | 589,3 | 108,5 |
| Shımbay rayonı | 411,4 | 106,2 |
| Shomanay rayonı | 521,4 | 113,9 |
| Ellikqala rayonı | 649,9 | 108,2 |

**Temaǵa tiyisli kórsetkishler:**
Sanaat ishlep shıǵarıw kólemleri (aylıq)
Sanaat ishlep shıǵarıw kólemleri (jıllıq)

## Xalıq jan basına tuwrı keletuǵın sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıwdıń bóliniwi, iri sanaat kárxanaları jaylasıw esabınan Nókis qalasında (17 449,5 mıń som), Taqıyatas rayonında (38 685,8 mıń som), Moynaq rayonında (15 962,2 mıń som), Qaraózek rayonında (15 248,1 mıń som) ortasha respublika dárejesi kórsetkishinen (11 056,1 mıń som) ádewir joqarılaǵanın kórsetedi.

Sonıń menen birge, Qaraqalpaqstan Respublikasında xalıq jan basına sanaat ónimleri óndirisiniń ósim páti 101,4 % ti quraǵan bolsa, Moynaq rayonında (116,6 %), Ámiwdárya rayonında (115,7 %), Shomanay rayonında (113,2 %) ortasha respublika dárejesi kórsetkishinen ádewir joqarılaǵanın kórsetedi.

Xalıq jan basına sanaat ónimleri islep shıǵarıw kólemi
*yanvar-oktyabr aylarında*




## Sanaat óndirisiniń tiykarǵı tarmaqları

2025-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında sanaat óndirisi quramında eń úlken úles islep shıǵaratuǵın sanaat úlesine tuwrı kelip, 19 102,9 mlrd somdı, jámi sanaat óndirisindegi úlesi (84,8 %) ti, taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islewde 378,8 mlrd som (1,7 %), elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalawda 2 928,3 mlrd som (13,0 %) suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıwda 125,6 mlrd som (0,5 %) ti quradı.

Sanaattıń tiykarǵı sekciyaları boyınsha islep shıǵarıw kólemi, jámi sanaat islep shıǵarıw kólemindegi úlesi, fizikalıq kólem indeksi
*2025-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında*



## III. Iri sanaat kárxanaları tárepinen ayırım túrdegi sanaat ónimlerin islep shıǵarıw

2025-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında respublikada 57,5 mıń tonna iydirilgen jip (2024-jıldıń yanvar-oktyabr aylarına salıstırǵanda 89,6 % ke kóbeygen), 64,0 mıń tonna biyday unı (13,5 % ke kóbeygen), 883,8 mıń tonna portlandcement (8,5 % ke kóbeygen), 188,4 mıń tonna dinatriy karbonatı (2,3 % ke kóbeygen), 11,4 mıń tonna paxta talası (66,5 % ke kemeygen), 2 705,9 litr araq (1,4 % ke kemeygen ) 5,4 mıń tonna ósimlik mayı (1,0 % ke kemeygen) islep shıǵarılǵan.

| Sanaat ónimleri | 2023-jıl yanvar-oktyabr * | 2024-jıl yanvar-oktyabr * | 2025-jıl yanvar-oktyabr |
|---|---|---|---|
| Portlandcement, tonna | 350 703 | 814 634 | 883 845 |
| Paxta talası, tonna | 26 577,9 | 34 093,3 | 11 408,9 |
| Tazalanǵan ósimlik mayı, tonna | 6 683,7 | 5 490,8 | 5 435,8 |
| Biyday unı, tonna | 68 243,1 | 56 419,1 | 64 008,7 |
| Ósimliklerden alınǵan sherbet hám ekstraktlar, tonna | 2 764 | 5 017 | 3 324 |
| Araq, mıń l 100% li spirt | 2 765,1 | 2 743,3 | 2 705,9 |
| Iydirilgen jip, tonna | 15 790,3 | 30 322,0 | 57 484,5 |
| Tábiyiy gaz, mln kub.m | 834,1 | 724,6 | 667,0 |
| Gaz kondensatı, mıń t | 54,0 | 42,8 | 36,4 |
| Dinatriy karbonatı, mıń t | 175,2 | 184,1 | 188,4 |

**2023-2024 jıllardıń yanvar-oktyabr ayları ushın islep shıǵarıw kólemleri kárxanalar tárepinen jıllıq balansına muwapıq anıqlıq kiritilgen maǵlıwmatlar tiykarında dúzilgen.*

**Temaǵa tiyisli kórsetkishler:**
Sanaat ishlep shıǵarıw kólemleri (jıllıq)

### Islep shıǵaratuǵın sanaat quramına kiretuǵın ayırım ekonomikalıq iskerlik túrleriniń sanaat islep shıǵarıw kólemleri

Islep shıǵaratuǵın sanaat quramında azıq-awqat, ishimlikler hám temeki ónimleri óndirisiniń úlesi – 29,0 % (2024-jıldıń yanvar-oktyabr aylarına salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 112,0 %), ximiya ónimleri, rezina hám plastmassa buyımları óndirisiniń úlesi – 33,1 % (2024-jıldıń yanvar-oktyabr aylarına salıstırǵanda fizikalıq kólem indeksi 91,4 %) ti quradı.

### Islep shıǵaratuǵın sanaattıń texnologiyalıq quramı hám úlesi

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda islep shıǵarılǵan quramında joqarı texnologiyalı tarmaqtıń úlesi 0,04 % ti (2024-jıl yanvar-oktyabr aylarında 0,1 %), orta-joqarı texnologiyalı 32,3 % (39,8 %), orta-pás texnologiyalı 10,6 % (9,1 %) hám pás texnologiyalı 57,0 % (51,0 %) ti quradı.



## Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw tarawında sanaat kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw kólemi

2025-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında ótken jıldıń sáykes salıstırǵanda elektroenergiya islep shıǵarıw 89,0 % ti, ıssılıq energiyası islep shıǵarıw bolsa 75,6 % ti quradı.

| Sanaat ónimleri | 2023-jıl yanvar-oktyabr * | 2024-jıl yanvar-oktyabr * | 2025-jıl yanvar-oktyabr |
|---|---|---|---|
| Elektroenergiya, mln.kvt.s | 4 171,1 | 4 208,8 | 3 746,2 |
| Íssılıq energiyası, mıń gkal | 30,1 | 30,8 | 23,3 |
| Gaz sıyaqlı janılǵını trubalar arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler, mln som | 90 919,2 | 114 767,3 | 123 332,2 |

## Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw kárxanaları tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw kólemi

Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw xızmetler 19,3 % ke, aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám beriw boyınsha xızmetler 10,8 % ke hám suwǵa islew beriw trubalar arqalı bólistiriw 14,8 % ke ósken.

| Sanaat ónimleri | 2023-jıl yanvar-oktyabr * | 2024-jıl yanvar-oktyabr * | 2025-jıl yanvar-oktyabr |
|---|---|---|---|
| Aǵın suwlardı joq etiw, transportirovka qılıw hám islew beriw boyınsha xızmetler, mln som | 7 505,3 | 7 655,2 | 8 484,2 |
| Qáwipsiz shıǵındılardı jıynaw boyınsha xızmetler, mln som | 8 030,0 | 10 874,8 | 12 977,6 |
| Suwǵa islew beriw hám suw trubaları arqalı bólistiriw boyınsha xızmetler, mln som | 57 130,1 | 71 822,2 | 82 472,4 |

*2023-2024 jıllardıń yanvar-oktyabr ayları ushın islep shıǵarıw kólemleri kárxanalar tárepinen jıllıq balansına muwapıq anıqlıq kiritilgen maǵlıwmatlar tiykarında dúzilgen.*

## IV. Kishi biznes isbilermenlik subyektleri tárepinen sanaat ónimlerin islep shıǵarıw kólemi

Esabat dáwirinde kishi isbilermenlik subyektleri tárepinen 9 103,3 mlrd. somlıq sanaat ónimi islep shıǵarılıp, onıń ulıwma islep shıǵarıw kólemindegi úlesi 40,4 % ti quradı. 2024-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında kishi biznes subyektleriniń ulıwma óndiristegi úlesi 35,4 % ti quradı.




## VI. Sanaat óndirisi boyınsha statistikalıq túsindirmeler hám metamaǵlıwmatlar

**Sanaat bul -** shiyki zattı qayta islew, jer astı baylıqların ózlestiriw, islep shıǵarıw quralları hám xalıq tutınıw buyımların jaratıwdı qamtıp alıwshı islep shıǵarıw tarmaǵı.

### Sanaat óndirisi kólemi boyınsha esaplaw metodikası (qısqasha )

**Sanaat óndirisi kólemi** tuwrısındaǵı maǵlıwmatlardı ónim túrleri boyınsha qáliplestiriw Ózbekstan Respublikası ekonomikalıq iskerlik túrleri boyınsha ónimlerdiń (tovarlar, jumıslar, xızmetlerdiń) statistikalıq klassifikatorı (ÓzDSt 2914:2014) kodlarınan paydalanǵan halda ámelge asırıladı. Bularǵa Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew, Islep shıǵaratuǵın sanaat, Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw, Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw (B, C, D, E sekciyaları) kiredi. Sanaat boyınsha statistika maǵlıwmatları tómendegiler tiykarında qáliplestiredi: a) sanaat ónimleri óndiriwshi yuridikalıq shaxlardıń statistika esabatları (aylıq, jıllıq) maǵlıwmatları tiykarında; b) kishi kárxanalar, mikrofirmalardıń shereklik tańlanba gúzetiwleri nátiyjeleri tiykarında; d) islep shıǵarıw iskerligi menen shuǵıllanatuǵın jeke tártipdegi isbilermenlik subyektleriniń shereklik tańlanba statistika gúzetiwi maǵlıwmatları;

e) úy xojalıqları gúzetiwi materialları.

**Sanaat óndirisiniń fizikalıq kólemi indeksi** islep shıǵarılǵan ónimler (jumıslar**,** xızmetler) kóleminiń salıstırılatuǵın dáwirlerdegi ózgeriwin xarakterleytuǵın salıstırmalı kórsetkish bolıp tabıladı.

## Sanaat óndirisiniń fizikalıq kólemi indeksi boyınsha túsinik

**Fizikalıq kólem indeksin esaplaw** deflyatorlaw usılı arqalı ámelge asıriladı. Esaplaw ónim (jumıs, xızmetler) óndiristiń baha kórinisindegi dinamikası tuwrısındaǵı maǵlıwmatlarǵa tıykarlanıp, keyinirek bólek indeksler ekonomikalıq iskerlik túrleri boyınsha irilestirilgen indekslerge basqıshpa-basqısh agregatciyalanadi. Sanaat ónimleri islep shıǵarıw fizikalıq kólem indeksin deflyatorlaw usılı menen esaplawdıń abzallıqları: bul usıl indekske hár qıylı tovarlar toparlarına kiriwge múmkinshilik beredi; statistikalıq tańlap alınǵan bahalardan tiyisli tovarlar toparınıń wákili retinde paydalanıw múmkin; deflyatorlaw usılı islep shıǵarılıp atırǵan ónimdegi sapalı ózgerislerdi esapqa alıwǵa múmkinshilik beredi. Sanaat óndirisi fizikalıq kóleminiń jıynama indeksi, bazis jıldıń qosılǵan baha strukturasına qayta esaplanǵan sekciyalar boyınsha indeks kórsetkishlerin agregatsiyalaw arqalı anıqlanadı.

**Sanaat óndirisiniń quramı** tiykarǵı **4 B, C, D, E** sekciyalarınan shólkemlesken bolıp tómendegilerden ibarat **:**

**B** - Taw-kán sanaatı hám ashıq kánlerdi islew

**C** - Islep shıǵarıw sanaatı

**D** - Elektr, gaz, puw menen támiyinlew hám hawanı kondiciyalaw

**E** - Suw menen támiyinlew, kanalizaciya sisteması, shıǵındılardı jıynaw hám utilizaciya qılıw

**Tayarlaw ushın juwapker:**
Sanaat hám energetika statistikası bólimi

**orınlawshı:**
M. Kurbanova
61 222-75-87 (9510)

**Manzil:**
230103, Nókis, A. Dosnazarov ko'shesi, 97 a-úy
**Pochta**: info@qrstat. uz
Tel.: +998 (61) 222-22-45